# नव विश्वासीक लेल सरल सत्य

## (प्रश्न आ उत्तर)

दोसर प्रकाशन

संस्करण 2.0

### प्रस्तावना

कतेको वर्ष सँ,परमेश्वरक लोक सभ प्रश्न आ उत्तरक एकटा संग्रह केँ इस्तेमाल कऽ रहल अछि जे नव विश्वासी सभक लेल सभ सँ महत्वपूर्ण सत्य केँ सिखाबऽ मे मदति करैत अछि । ई पोथी यीशुक पाछाँ चलऽ वाला नव पीढ़ीक लोकक लेल, महत्वपूर्ण सत्य केँ प्रगट करत ।

एहि पोथी मे 144 प्रश्न आ उत्तर अछि । ई पोथी ओहि पाठक लोकनि कैँ ध्यान मे राखि कऽ लिखल गेल अछि जिनकर दोसर भाषा अंग्रेजीक रुप मे अछि । एकर निर्माण एहि तरहे कयल गेल अछि जाहि सँ सरलता सँ अन्य भाषा मे एकर अनुवाद भऽ सकैत अछि । प्रत्येक प्रश्नक बाद तुरन्त एक जबाब अछि । प्रत्येक जबाबक बाद बाइबल सँ अनुभाग अछि । प्रत्येक बाइबलक चयन मे पोथीक शिर्षकक नाम शामिल अछि (उदाहरणक ले - उत्पत्ति)। पोथीक नाम कैँ बाद ओ अध्याय अछि, जतऽ सँ ओ पद चयन कयल गेल अछि (उदाहरणक लेल – अध्याय 2)। ओकराबाक ओ पद जतऽ सँ ई चयन पाउल जाइत अछि (उदाहरणक ले – पद 3)। तऽ उत्पत्ति 2 अध्यायक ३पद एहि तरहे होएत :- उत्पत्ति 2:3 ।


रुपांतर सौजन्य :- स्पष्ट और सरल मिडीया समूह

www.clearandsimplemedia.org

इलेक्ट्रानिक वर्शन आनलाइन :- www.asimpleword.org

अनुवादकर्ता :- www.christian-translation.com


किछु जबाब मे खंडिकरण शामिल होएत(उदाहरणक लेल:- प्रश्न-4)

# पहिल भाग

## परमेश्वर आ मनुष्य

## प्रश्न 1 सँ 26

# दोसर भाग

## पाप* आ कानून*

## प्रश्न 27 सँ 62

# तेसर भाग

मसीह आ मुक्ति*

प्रश्न 63 सँ 90

**चारिम भाग**

आत्मा आ कलीसिया

प्रश्न 91 सँ 117

**पाँचम भाग**

प्रार्थना आ आशा

प्रश्न 118 सँ 144

ई चिन्ह * वाला शब्द, शब्द परिचय मे अछि ।

## पहिल भाग
## परमेश्वर आ मनुष्य

प्र.1. अहाँ कैँ के बनौलनि ?
उ. हमरा सभ कैँ परमेश्वर बनौलनि ।
उत्पति 1:26-27, उत्पति 2:7, मसीह-दूत 17:26
प्र.2. परमेश्वर और की बनौलनि ?
उ. परमेश्वर सभ किछु बनौलनि ।
उत्पति 1:31, भजन संग्रह 33:6-9, कुलुस्सी 1:16-17
प्र.3. परमेश्वर हमरा सभ कैँ और बाँकी चीज के किएक बनौलनि ?
उ. परमेश्वर हमरा सभ कैँ और बाँकी चीज कैँ अपन महिमाक लेल बनौलनि ।
भजन संग्रह 19:1, यशायाह 43:7, कोरिंथि 10:31
प्र.4. अहाँ परमेश्वर कैँ महिमा कोना दऽ सकैत छी ?
उ. जखन हम सभ हुनका सँ प्रेम करैत छी आ हुनका पर भरोसा करैत छी, तखन हम सभ परमेश्वर कैँ महिमा दैत छी । और हुनकर आज्ञा के मानैत छी ।
मती 5:16, युहन्ना 14:21, 5:3
प्र.5. अहाँ कैँ परमेश्वरक महिमा किएक देबाक चाही ?
उ. किएक तँ ओ हमरा सभ कैँ बनौलनि आ हमरा सभ पर ध्यान रखैत छथि ।

भजन संग्रह 145:9,1पत्रुस 5:7, प्रकाशित-वाक्य 4:11
प्र.6. कतेक परमेश्वर छथि ?
उ. परमेश्वर एकेटा छथि ।
व्यवस्थाविवरण 6:4, यशायाह 45:5, यिर्मयाह 10:10
प्र.7. कतेक व्यक्ति मे परमेश्वर मौजूद छथि ?
उ. परमेश्वर तीन व्यक्ति मे मैजूद छथि ।
मत्ती 3:16-17, युहन्ना 5:23,10:30,15:26

प्र.8. ओ के छथि ?
उ. पिता, पुत्र आ पवित्र आत्मा ।
मत्ती 28:19, 2कोरिंथि 13:14,1पत्रुस 1:2
प्र.9. परमेश्वर की छथि ?
उ. परमेश्वर आत्मा छथि । हुनका लग मनुष्य जकाँ शरीर नहि अछि ।
युहन्ना 4:24, 2कोरिंथि3:17, 1तिमुथियुस 1:17
प्र.10. की परमेश्वरक कोनो आरम्भ छन्हि ?
उ. नहि, परमेश्वर पहिले सँ छथि आ सदिखन रहताह ।
निर्गमन 3:14, भजन संग्रह 90:2, यशायाह 40:28
प्र.11. की परमेश्वार बदलैत छथि ?
उ. कखनो नहि, परमेश्वर हरदम एक समान छथि ।
भजन संग्रह 102:26-27, मलाकी 3:6, इब्रानी 13:8
प्र.12. परमेश्वर कतऽ छथि ?
उ. परमेश्वर सभ जगह छथि ।
भजन संग्रह 139:7-12, यिर्मयाह 23:23-24, मसीह-दूत 17:27-28
प्र.13. की अहाँ परमेश्वर कैँ देखि सकैत छी ?
उ. नहि, हम परमेश्वर कैँ देखि नहि सकैत छी,मुदा परमेश्वर हमरा सभ कैँ हरदम देखैत छथि ।
भजन संग्रह 33:13-15, नितिवचन 5:21,युहन्ना 1:18,1तिमुथियुस 1:17
प्र.14. की परमेश्वर सभ किछु जनैत छथि ?
उ. हँ, परमेश्वर सभ किछु जनैत छथि, हम परमेश्वर सँ किछु नहि छिपा सकैत छी ।
1शमूएल 2:3, नीतिवचन 15:3, इब्रानी 4:13
प्र.15. की परमेश्वर सभ किछु कऽ सकैत छथि ?
उ. हँ, परमेश्वर सभ पवित्र काज कऽ सकैत छथि जे ओ चहैत छिथ ।
यशायाह 43:9-10,दानिय्येल 4:34-35,इफिसी 1:11

प्र.16. हम परमेश्वर सँ प्रेम, हुनका पर भरोसा आ हुनकर आज्ञाक पालन कएनाइ कतऽ सँ सीखि सकैत छी ?
उ. परमेश्वर अपन वचन, बाइबल मे हमरा सभ कैँ देखौलनि जे हम हुनका सँ कोना प्रेम करी आ कोना हुनकर आज्ञाक पालन करी ।
भजन संग्रह 119:104-105, युहन्ना 20:30-31, 2तिमुथियुस 3: 15
प्र.17. बाइबल अहाँ कैँ कि सिखबैत अछी ?
उ. बाइबल हमरा सभ कैँ परमेश्वरक सच्चाई आ यिशु मसीहक माध्यम सँ प्रेम केनाइ आ हुनकर आज्ञाक पालन केनाइ सिखबैत अछि ।
भजन संग्रह 119:159-160, युहन्ना 17:17, 2तीमुथियुस 3:14-17
प्र.18. बाइबल पोथी कैँ के लिखलक ?
उ. मनुष्य जे पवित्र आत्माक सामर्थक द्वारा सिखाउल गेल छल ।
2पत्रुस 1:20-21, 3:15-16
प्र.19. हमरा सभक माय-बाप के छला ?
उ. आदम आ हव्वा ।
उत्पत्ति 3:20,5:1-2
प्र.20. हमरा सभक पहिल माय आ बाप कैँ परमेश्वर कोना बनौलनि ?
उ. परमेश्वर आदमक शरीर कैँ धरतीक माटि सँ बनौलनि आ परमेश्वर हव्वा कैँ आदमक शरीर सँ बनैलनि ।
उत्पत्ति 2:7, 2:21-23, 3:19, भजन संग्रह 103:14
प्र.21. परमेश्वरक बनाउल गेल सृष्टि मे आदम आ हव्वा अलग कोना छल ?
उ. परमेश्वर आदम आ हव्वा कैँ अपना स्वरूपक अनुसार अपने समानता मे बनौलनि ।
उत्पत्ति 1:26-27

प्र.22. हम आदम आ हव्वा मे परमेश्वरक छवि कोना देखि सकैत छी ?
उ. परमेश्वर हुनका दुनू गोटे कैँ सृष्टि पर अधिकार देलनि । ओ सच कैँ बूझि सकैत छल । जे सही छल ओकरा प्यार कऽ सकैत छल । जे सुंदर छल ओकर आन्नद लऽ सकैत छल । जे परमेश्वर कैँ नीक लगैत छल ओ कऽ सकैत छल । ओ परमेश्वर आ एक दोसराक संग बात-चीत कऽ सकैत छल ।
उत्पत्ति 1:26-27,2:7-9, भजन संग्रह 147:10-11, फिलिप्पी 4:8
प्र.23. परमेश्वर आदम आ हव्वा कैँ शरीरक अलावा और की देलनि ?
उ. परमेश्वर हुनका कखनो नहि मरएवाला आत्मा देलनि ।
उत्पत्ति 2:7, व्यवस्थाविवरण 6:5, सभोपदेशक 12:7, मत्ती 16:26

प्र.24. की शरीरक संग अहाँ लग आत्मा सेहो अछि ?

उ. हँ, हमरा लग कखनो नहि मरएवाला आत्मा अछि ।

जकर्याह 12:1,मसीह-दूत 7:59,2कोरिंथी 5:8

प्र.25 जखन परमेश्वर आदम आ हव्वा कैँ बनौलनि तखैन ओ केहेन छल ?

उ. परमेश्वर ओकरा दुनूगोटे कैँ पवित्र आ आनन्दित बनौलनि । ओ दुनूगोटे परमेश्वरक संग हुनकर बनाओल गेल बगीचा मे छल ।

उत्पत्ति 1:26-28, 2:15-17,25, भजन संग्रह 8:4-8

प्र.26. परमेश्वर आदम आ हव्वा सँ कि चाहैत छलाह ?

उ. परमेश्वर चाहैत छलाह जे ओ दुनूगोटे हुनका पर पूरा भरोसा करए आ हुनकर आज्ञाक पालन करय ।

उत्पत्ति 2:15-17, भजन संग्रह 8:4-8

# दोसर भाग

# पाप आ कानून

प्र.27. की आदम आ हव्वा परमेश्वरक आज्ञा मानि कऽ सदिखन पवित्र* आ आनन्दित रहल ?

उ. नहि, ओ परमेश्वरक आज्ञाक पालन नहि कयलक ।ओ परमेश्वरक विरूद्ध पाप कैँ चुनलक ।

उत्पति 3:6-8

प्र.28. पाप की अछि ?

उ. पाप ई अछि, जखन हम सभ परमेश्वरक कहल गेल बात कैँ नहि करैत छी । और जखन हम सभ ओ करैत छी जे परमेश्वर मना कयने छथि ।

रोमी 1:32, याकूब 2:10-11, यूहन्ना 3:4

प्र.29. सभ तरहक पापक अंत की अछि ?

उ. सभ तरहक पापक अंत क्रोध और परमेश्वरक सजा अछि ।

व्यवस्थाविवरण 27:26, रोमी 1:8,6:23, इफिसी 5:6

प्र.30. हमर पहिल माय आ बाबूक पाप* की छल ?

उ. ओ दूनू गोटे ओ फल खयलक जे परमेश्वर हुनका सभ कैँ मना कयने छलाह ।

उत्पति 2:16-17,3:6

प्र.31. पाप* करऽक लेल ओकरा सभ कैँ के बहकौलक ?

उ. शैतान हव्वा कैँ बहकौलक आ ओ आदम कैँ फल देलक ?

उत्पति 3:1-5, युहन्ना 8:44, 2कोरिन्थि 11:3, प्रकाशित – वाक्य 12:9

प्र.32. जखन हमर माय-बाबू पाप* कयलक तखन संसार मे की भेल ?

उ. परमेश्वर भूमि कैँ श्रापित कयलनि । और जेना परमेश्वर ओकरा सभ कैँ चेतावनी देने छलाह मृत्यु संसार मे आबि गेल ।

उत्पति 2:15-17,3:16-17

प्र.33. हमर पहिल माय – बाबू कैँ की भेल, जखन ओ पाप कयलक ?

उ. परमेश्वर हुनका दूनू गोटे कैँ अदनक बगिचा सँ बाहर कऽ देलनि आ ओ पापी – दोषी तथा लज्जित आ डरल छल ।

उत्पति 3:8-13,16-19,23

प्र.34. किएक तँ आदम पाप कयलक, ओकराबाद जीए वाला सभ कैँ की भेल ?

उ. आदम आ हव्वाक बाद जतेक मनुष्य जनमल, सभ पाप मे जनमल ।

भजन संग्रह 51:5, रोमी 5:18-19, 1कोरिन्थी 15:21-22

प्र.35. की परमेश्वर एहि संसार कैँ श्राप मे छोइड़ देलनि ? की ओ लोक सभ कैँ ओकर पाप मे छोइड़ देलनि ?

उ. नहि, परमेश्वर ओकरा सभ कैँ बचबैक लेल निर्णय लेलनि । उद्धारकर्ता पठबैक लेल प्रतिज्ञा कयलनि ।

मती 1:21,यूहन्ना 3:16-17, 1यूहन्ना 4:14

प्र.36. एक प्रतिज्ञा  की अछि ?

उ.  एक प्रतिज्ञा दू वा दू सँ बेसी व्यक्तिक बीच एगो गंभीर करार अछि ।

प्र.37. परमेश्वर इस्त्राएली लोक सभक संग की प्रतिज्ञा कयलनि ?

उ. परमेश्वर अब्राहमक परिवार केँ एक महान राष्टक रूप मे बनबैक प्रतिज्ञा कयलनि । अब्राहमक माध्यम सँ सभ देश केँ परमेश्वर आशिर्वाद दैक प्रतिज्ञा कयलनि । प्रभु मूसा केँ व्यवस्था देलनि । ओ मूसाक संग रहबाक आ इस्त्राएल केँ आशिर्वाद देबाक प्रतिज्ञा कयलनि जँ ओ आज्ञापालन  करैत रहत आ हुनकर देल गेल व्यवस्था पर चलैत रहत । परमेश्वर दाउद सँ प्रतिज्ञा  कयलनि  जे ओकर बेटा सभ मे सँ एकटा महान राजा होएत जे सभ दिनक लेल राज्य करत । परमेश्वर प्रतिज्ञा कयलनि जे ओ एक दिन नव वाचा बान्हताह । ओ प्रतिज्ञा कयलनि जे लोक सभक पाप केँ क्षमा करताह और लोक सभक दिल केँ बदलताह ।

उत्पत्ति 12:1-3, 15, निर्गमन 24:3-7, 2शमूएल 7:16, यिर्मयाह 31:31-34

## दसटा आज्ञा

प्र.38. दस आज्ञा की अछि ?

उ. दस आज्ञा ओ वचन अछि जे परमेश्वर मूसा केँ देलनि इस्त्राएलक लोक सभक लेल । परमेश्वर स्वयं पाथरक दू टा शिला पर दसो आज्ञा केँ लिखलनि ।

प्र.39. ओ दसो आज्ञा की अछि ?

उ. हमरा छोइड़ दोसर केँ ईश्वर कहिकऽ नहि मानव ।

अपना लेल नहि कोनो मूर्ति बनाएब आ नहि लोकर आराधना करब ।

अपन प्रभु परमेश्वरक नाम कोनो गलत तरीका सँ नहि लेब ।

विश्रामदिन*(सब्तक दिन) केँ पवित्र मानैक लेल याद राखब ।

अपन माय – बाबूक आदर करब ।

ककरो हत्या नहि करब ।

अनैतिक शारीरिक सम्बंध(व्यभिचार) नहि करब ।

चोरि नहि करब ।

अपन पड़ोसी आ ककरो विरुद्ध झूठ गवाही नहि देब ।

जे किछु अहाँक पड़ोसी केँ घर मे अछि ओकर लालच नहि करब ।

निर्गमन 20: 1-17

प्र.40. पहिल आज्ञा की अछि ?

उ. पहिल आज्ञा अछि, हमरा छोइड़ अहाँ ककरो ईश्वर कहिकऽ नहि मानव ।

निर्गमन 20:3, यशायाह 45:5-6

प्र.41. पहिल आज्ञा की सिखबैत अछि ?

उ. पहिल आज्ञा हमरा सभ कैँ एक मात्र परमेश्वरक आराधना करक लेल सिखबैत अछि ।

भजन संग्रह 44:20-21, मती 4:10, प्रकाशित-वाक्य 22:8-9

प्र.42. दोसर आज्ञा की अछि ?

उ. दोसर आज्ञा अछि, अपना लेल कोनो मूर्ति खोइद्कऽ नहि बनाएब आ नहि ओकर आराधना* करब ।

निर्गमन 20:4-6, व्यवस्थाविवरण 5:8-10

प्र.43. दोसर आज्ञा की सिखबैत अछि ?

उ. दोसर आज्ञा हमरा सभ कैँ मूर्ति आ प्रतिमा सभक आराधना नहि करक लेल सिखबैत अछि ।

यशायाह 44:10-11,46:5-9, मसीह-दूत 17:29

प्र.44. तेसर आज्ञा की अछि ?

उ. तेसर आज्ञा अछि, अपन प्रभु* परमेश्वरक नाम गलत तरीका सँ नहि लेब ।

निर्गमन 20:7,व्यवस्थाविवरण 5:11

प्र.45. तेसर आज्ञा की सिखबैत अछि ?

उ. तेसर आज्ञा हमरा सभ कैँ सिखबैत अछि जे, परमेश्वरक नाम एहि तरहे इस्तेमाल नहि करऽक चाही जाहि सँ हुनकर आदर नहि होइन्ह ।

यशायाह 8:13, भजन संग्रह 138:2, प्रकाशित-वाक्य 15:3-4

प्र.46. चारिम आज्ञा की अछि ?

उ. चारिम आज्ञा अछि, विश्रामदिन*(सब्तक दिन) कैँ पवित्र मानैक लेल याद राखब ।

निर्गमन 20:8-11,व्यवस्थाविवरण 5:12-15

प्र.47. चारिम आज्ञा की सिखबैत अछि ?

उ. चारिम आज्ञा हमरा सभ कैँ विश्राम मे, सभ तरहक काज मे और आराधना मे परमेश्वरक आदर कयनाय सिखबैत अछि ।

निर्गमन 16:23, यशायाह 58:13-14

प्र.48. पाँचम आज्ञा की अछि ?

उ. अपन माय आ बाबूक आदर करब ।

निर्गमन 20:12, व्यवस्थाविवरण 5:16

प्र.49. पाँचम आज्ञा की सिखबैत अछि ?

उ. पाँचम आज्ञा हमरा सभ कैँ सिखबैत अछि जे अपन माय आ बाबू सँ प्रेम करी आ हुनकर आदर करी ।

नीतिवचन 1:8, इफिसी 6:1-3, कुलुस्सी 3:20

प्र.50. छठम आज्ञा की अछि ?

उ. ककरो हत्या नहि करब ।

निर्गमन 20:13, व्यवस्थाविवरण 5:17

प्र.51. छठम आज्ञा की सिखबैत अछि ?

उ छठम आज्ञा हमरा सभ कैँ सिखबैत अछि जे नहि ककरो सँ घृणा करी आ नहि ककरो प्राण ली ।

उत्पत्ति 9:6, मत्ती 5:21-22, 1युहन्ना 3:15

प्र.52. सातम आज्ञा की अछि ?

उ. सातम आज्ञा अछि, अनैतिक शारीरिक सम्बंध (व्यभिचार) नहि करी ।

निर्गमन 20:14, व्यवस्थाविवरण 5:18

प्र.53. सातम आज्ञा की सिखबैत अछि ?

उ. सातम आज्ञा हमरा सभ कैँ सिखबैत अछि जे, हमरा सभ कैँ पति वा पत्नीक छोइड़ ककरो संग शारीरिक सम्बंध नहि बनएबाक चाही ।

मत्ती 5:27-28, इफिसी 5:3-4

प्र.54. आठम आज्ञा की अछि ?

उ. चोरि नहि करब ।

निर्गमन 20:15, व्यवस्थाविवरण 5:9

प्र.55. आठम आज्ञा की सिखबैत अछि ?

उ. आठम आज्ञा हमरा सभ केँ सिखबैत अछि जे,दोसर लोकक चीज बिन पुछने नहि लेबाक चाही ।

निर्गमन 23:4, नितिवचन 21:6-7, इफिसी 4:28

प्र.56. नवम आज्ञा की अछि ?

उ. नवम आज्ञा अछि, अपन पड़ोसीक विरूद्ध झूठ नहि बाजू ।

निर्गमन 20:16, व्यवस्थाविवरण 5:20

प्र.57. नवम आज्ञा की सिखबैत अछि ?

उ. नवम आज्ञा हमरा सभ केँ ईमानदार भेनाए एवं सच बजनाए सिखबैत अछि ।

भजन संग्रह 15:1-3, नितिवचन 12:17, 1कोरिंथी 13:6

प्र.58. दसम आज्ञा की अछि ?

उ. दसम आज्ञा अछि, अपन पड़ोसी केँ कोनो वस्तुक लालच नहि करबाक चाही ।

निर्गमन 20:17, व्यवस्थाविवरण 5:21

प्र.59. दसम आज्ञा हमरा सभ केँ की सिखबैत अछि ?

उ. दसम आज्ञा हमरा सभ केँ सिखबैत अछि जे, जे किछु हमरा लग अछि ताहि सँ संतुष्ट रहबाक चाही ।

फिलिप्पी 4:11, 1तीमुथियुस 6:6, इब्रानी 13:5

प्र.60. की यहुदी सभ ओहि आज्ञाक पालन कयलक, जे परमेश्वर मूसा केँ देने छलाह ?

उ.  नहि, ओ सभ परमेश्वरक धर्म-नियम केँ तोड़लक आ परमेश्वर ओकरा सभ केँ दंड देलनि जेना कि लो चेतावनी देने छलाह ।

प्र.61. की कोनो व्यक्ति परमेश्वरक आज्ञा केँ पूर्ण रुपेण पालन कऽ सकैत अछि ?

उ. आदम परमेश्वरक आज्ञा केँ उल्लंघन कयलक, ओहि समयक बाद सँ कोनो व्यक्ति पूर्ण रूपेण परमेश्वरक सभ आज्ञाक पालन करऽ मे सफल नहि रहल ।

प्र.62. दस आज्ञा हमरा सभ केँ की सिखबैत अछि ?

उ. दस आज्ञा हमरा सभ केँ ई सिखबैत अछि, जे परमेश्वर पवित्र आ भला छथि । ई हमरा सभ केँ परमेश्वर सँ आ हमर पड़ोसी सँ प्रेम कयनाय सिखबैत अछि । ई हमरा सभ केँ देखबैत अछि जे हम सभ पापी छी आ परमेश्वरक बात नहि मानैत छी । ई हमरा सभ केँ देखबैत अछि जे हमरा सभ केँ एकटा उद्धारकर्ताक आवश्यकता अछि ।

सभोपदेशक 12:13, 1तीमुथियुस 1:8-9, रोमी 3:20,5:13,7:7-11, गलाती 3:19-24

# तेसर भाग
# मसीह आ उद्धार*

प्र.63. उद्धारकर्ता के छथि ?
उ. सभ पापीक एकमात्र उद्धारकर्ता प्रभु यीशु मसीह छथि।
लूका 2:11, मसीह – दूत 4:11-12, 1तीमुथियुस 1:15
प्र.64. यीशु मसीह के छथि ?
उ. यीशु मसीह परमेश्वरक सनातन* पुत्र छथि ।
युहन्ना 1:1,14,18, 3:16,18, गलाती 4:4, कुलुस्सी 1:15-18, इब्रानी 1:1-3, 1युहन्ना 5:20
प्र.65. परमेश्वर अपन पुत्र केँ एहि संसार मे किएक पठौलनि ?
उ. परमेश्वर अपन पुत्र केँ संसार मे एहि लेल पठौलनि,किएकतऽ ओ हमरा सभ सँ प्रेम करैत छथि । किएकतऽ ओ करूणा आ कृपाक परमेश्वर छथि ।
भजन संग्रह १103:8-11, युहन्ना 3:16-17, रोमी 5:7-8, इफिसी 2;4-5, 1युहन्ना 4:9-10
प्र.66. की यीशु मसीह परमेश्वर आ मनुष्य दुनू छथि ?
उ. हँ, यीशु मसीह पूर्ण परमेश्वर आ पूर्ण मनुष्य छथि ।
युहन्ना 1:1-3,14, फिलिप्पी 2:5-11, कुलुस्सी 2:9, इब्रानी 2:14-18
प्र.67. यीशु मसीह कोन काज कयलनि ?
उ. प्रभु यीशु परमेश्वरक प्रत्येक बात केँ मानलनि आ ओ पापी* मनुष्यक लेल खूद केँ सजा दऽ देलनि ।
रोमी 8:3-4, फिलिप्पी 2:7-8, इब्रानी 4:15,9:14-15
प्र.68. यीशु किएक मरलाह ?
उ यीशु पापी* लोकक बदला मे मरि कऽ परमेश्वरक क्रोध केँ दूर कयलानि ।
मरकुस 10:45, 2कोरिन्थी 5:19-21,गलाती 3:13
प्र.69. परमेश्वरक सनातन* पुत्र, पापी* लोक सभक लेल कोना पीड़ित भऽ सकैत छथि ?

उ. यीशु, परमेश्वरक पुत्र एक मनुष्य बनलाह ।
युहन्ना 1:14, गलाती 4:4-5, कुलुस्सी 2:9
प्र.70. परमेश्वरक पुत्र एकटा मनुष्य कोना बनलाह ?
उ. ओ पवित्र आत्माक द्वारा गर्भधारण कयलनि आ कुमारि* मरियम द्वारा जनम लेलनि ।
यशायाह 7:14, मत्ती 1:18-21

प्र.71. यीशु मसीह कोन प्रकारक जीवन एहि संसार मे जीलाह ।
उ. एक साधारण, आदरणीय तथा विनम्रतापूर्वक जीवन ओ जीलाह ।
मत्ती 8:20,11:28-30, लूका 4:18-19, 2कोरिन्थी 8:9,10:1
प्र.72. की प्रभु यीशु मसीह कखनु पाप* कयलनि ?
उ. नहि, ओ पवित्र आ निष्कलंक छलाह ।
युहन्ना 8:29, 2कोरिंथी 5:21, इब्रानी 7:26, 1पत्रुस 2:21-23
प्र.73. यीशु मसीह कोन प्रकारक मृत्यु सँ मरलाह ?
उ. यीशु मसीह क्रूसक मृत्यु सँ मरलाह ।
लूका 23:33, गलाती 3:13, फिलिप्पी 2:8
प्र.74. की यीशु मसीह मरलाक बाद ओ कबर मे पड़ल रहलाह ?
उ. नहि, यीशु मसीह तेसर दिन मृत्यु मे सँ जी उठलाह ।
मत्ती 28:5-7, लूका 24:5-8, रोमी 4:25, 1कोरिंथी 15:3-4
प्र.75. परमेश्वर कोन लोक सभ कैँ ओकर पापक परिणाम सँ बचौताह ?
उ. परमेश्वर ओकरा सभ कैँ बचौताह जे सभ अपन पाप* सँ पश्चाताप करत और जे सभ प्रभु*
यीशु मसीह पर विश्वास करत ।
मरकुस 1:14-15, युहन्ना 3:16-18, मसीह – दूत 20:21
प्र.76. पश्चाताप करबाक मतलब की अछि ?
उ. पश्चाताप करबाक मततलब अछि अपन सभ तरहक पापक लेल क्षमा माँगनाई,और अपन सभ तरहक पाप सँ मन फेर लेनाइ किएकतऽ ई परमेश्वर कैँ अपमानित करैत अछि ।
लूका 19:8-10, 2कोरिंथी 7:9-10, 1थिसलुनिकी 1:9-10
प्र.77. मसीह पर विश्वास रखनाई वा श्रधा रखनाईक मतलब की अछि ?
उ. मसीह पर विश्वास रखबाक मतलब अछि यीशु मे विश्वास रखनाइ । हम मात्र हुनके पर विश्वास कऽ कऽ बचि सकैत छी ।
यूहन्ना 14:6, प्रेरितों के काम 4:12, 1तीमुथियुस 2:5, 1यूहन्ना 5:11-12
प्र.78. की अहाँ अपन शक्ति सँ पश्चाताप कऽ कऽ मसीह पर विश्वास कऽ सकैत छी ?
उ. नहि, हमरा पवित्र आत्माक सहायताक जरूरत अछि ।
यिर्मयाह 13:23, युहन्ना 3:5-6, 6:44, 1कोरिंथी 2:14
प्र.79. मसीहक बारे मे लोक कतऽ सँ सुनि सकैत अछि ?
उ. सुसमाचार, शुभ समाचार जे सभ लोकक लेल एक उद्धारकर्ता प्रदान करैत अछि ।
मरकुस 1:1, मसीह – दूत 15:7, रोमी 1:16-17

प्र.80. यीशु मसीह हमरा सभक उद्धारकर्ता* आब हमरा सभक लेल की बनि गेलाह ?
उ. यीशु मसीह हमरा सभक लेल प्रवक्ता* आ याजक आ हमरा सभक राजा बनि गेलाह ।
मत्ती 13:5,यूहन्ना 18:37, इब्रानी 1:1-3,5:5-6, प्रकाशित–वाक्य 1:5

प्र.81. यीशु मसीह कोना एक प्रवक्ता छथि ?
उ. किएक तऽ ओ हमरा देखबैत छथि, जे परमेश्वर के छथि और हमरा सभ केँ सिखबैत छथि कि हम हुनका कोना खुश करी ।
व्यवस्थाविवरण 18:18, यूहन्ना 1:8,4:25-26,मसीह-दूत 3:22, 1यूहन्ना 5:20
प्र.82. हमरा सभ केँ मसीह एक प्रवक्ताक रूप मे जरूरत किएक अछि ?
उ. किएक तऽ हम सभ हुनका बगैर परमेश्वर केँ नहि जानि सकैत छी ।
मत्ति 11:25-27, यूहन्ना 17:25-26, 1कोरिंथी 2:14-16
प्र.83. यीशु मसीह कोना एक याजक छथि ?
उ. ओ हमरा सभक लेल मरि गेलाह आ ओ हमरा सभक लेल परमेश्वर सँ बात करैत छथि ।
भजन संग्रह 110:4, इब्रानी 4:14-16,7:24-25, 1यूहन्ना 2:1-2
प्र.84. हमरा सभ केँ मसीहक जरूरत एक याजकक रूप मे किएक अछि ?
उ. किएक तऽ हमरा सभक पाप, हमरा सभ केँ दोषी और शर्मिंदा कऽ देने अछि ।
नीतिवचन 20:9, सभोपदेश 7:20, यशायाह 53:6, रोमी 3:10-12,3:23, याकूब 2:10
प्र.85. यीशु मसीह कोना एक राजा छथि ?
उ. ओ हमरा सभ पर राज करैत छथि आ हमरा सभ केँ बचाव करैत छथि ।
भजन संग्रह 2:6-9, इफिसी 1:19-23, प्रकाशित-वाक्य 15:3-4
प्र.86. हमरा सभ केँ यीशु मसीहक जरूरत एक राजाक रूप मे किएक अछि ?
उ. किएक तऽ हम सभ कमजोर आ भयभीत छी ।
2कोरिंथी 12:9-10, फिलिप्पी 4:13, कुलुस्सी 1:11-13, इब्रानी 13:5-6, 2तीमुथियुस 1:12
प्र.87. यीशु मसीह पर विश्वास कयला सँ हमरा सभ केँ कोन-कोन आशिष* मिलैत अछि ?
उ. परमेश्वर हमरा सभ केँ माफ कऽ कऽ धर्मी ठहरबैत छथि ।
परमेश्वर हमरा सभ केँ प्रिय बच्चा जकाँ अपन परिवार मे ग्रहण करैत छथि ।
परमेश्वर हमरा सभ केँ हृदय आ व्यवहार मे पवित्र बनबैत छथि ।
परमेश्वर हमरा सभ केँ पुनरुत्थान* पर शरीर आ आत्मा* मे सिद्ध बनबैत छथि ।
रोमी 5:18, गलाती 4:4-6, इफिस्सी 1:5, इब्रानी 10:10-14, 1यूहन्ना 3:2

प्र.88. की परमेश्वर हमरा सभ केँ ई आशिष सभ एहि लेल दैत छथि किएकतऽ हम सभ ई अरजने छी ?
उ. नहि, अपन अनुग्रह सँ परमेश्वर हमरा सभ केँ ई आशिष दैत छथि । हम सभ एहि जोगरक नहि छी और नहि हम सभ ई अरजने छी ।
यशायाह 64:6, इफिसी 2:8-9, तीतुस 3:4-7
प्र.89. की परमेश्वर अपन सभ तरहक आशिष ओकरा पर सँ कखनू हटौताह जे सच्चा पश्चाताप कऽ कऽ विश्वास करैत अछि ?
उ. नहि,यीशु कखनू नहि छोड़ताह जे अपन बचाव करक लेल हुनका पर भरोसा* रखैत अछि ।
यूहन्ना 10:27-30,रोमी 8:38-39, फिलिप्पी 1:6, 1पत्रुस 1:3-5
प्र.90. परमेश्वरक अनुग्रह* की अछि ?
उ. परमेश्वरक अनुग्रह* हमरा सभक लेल हुनकर प्यार आ भलाई अछि जेकर जोगरक हम सभ नहि छी ।
निर्गमन 34:6, इफिसी 1:7-8, 2कोरिंथी 8:9

## चारीम भाग
## आत्मा आ कलीसिया

प्र.91. परमेश्वर ओहि सभ मनुष्य सँ की चाहैत छथि जे यीशु कें उद्धारकर्ताक रुप मे विश्वास कयलक अछि ?
उ. ओ चाहैत छथि जे हम सभ हृदय मे आ व्यवहार मे पवित्र बनी । ओ चाहैत छथि जे मनुष्य यीशु जकाँ बनय ।
इफिसी 1:4, 1पत्रुस 1:15 2कोरिंथी 7:1
प्र.92. परमेश्वर हमरा सभ कें हृदय आ व्यवहार मे कोना पवित्र* बनबैत छथि ?
उ. परमेश्वर हमरा सभ कें नव हृदय दैत छथि । और हमरा सभ कें पवित्र आत्मा दैत छथि ।
यहेजकेल 36:26, रोमी 8:1-14, गलाती 5:22-26, इफिसी 1:13
प्र.93. पवित्र आत्मा के छथि ?
उ. पवित्र आत्मा* परमेश्वर छथि । परमेश्वर पिता और परमेश्वर पुत्र, पवित्र आत्मा कें पठौलनि ।
मत्ती 28:19, यूहन्ना 14:26,15:26, 2कोरिंथी 13:14
प्र.94. पवित्र आत्मा* आब हमरा सभक लेल की बनि गेल छथि ?
उ. पवित्र आत्मा यीशु पर भरोसा करयवालाक लेल शांतिदाता, सहायक और मार्गदर्शक छथि ।
यूहन्ना 16:7-8,12-15, रोमी 8:14-16, 1कोरिंथी 6:19, इफिसी 1:14
प्र.95. हमरा कोना ई पत्ता चलत जे पवित्र आत्मा हमरा सभ कें पवित्र* करैत छथि ?
उ. हम सभ जतेक बेसी अपन उद्धारकर्ता प्रभु यीशु मे बढ़ैत जाएब, आत्माक फल कें अपन हृदय* और व्यवहार मे देखब ।
कुलुस्सी 1:9-12, इफिसी 3:16
प्र.96. आत्माक फल की अछी ?
उ. आत्माक फल प्रेम,आनंद,शांति,सहनशीलता,दयालुता,भलाई,विश्वस्तता,नम्रता,आ आत्मसंयम अछि।
गलाती 5:22-23
प्र.97. जँ अहाँ यीशुक पाछाँ चलब तँ अहाँ हरदम सफल रहब ?

उ. नहि, कहिओ-कहिओ हमरा सभ केँ परेशानी भऽ सकैत अछि । कहिओ-कहिओ हमरा सभ केँ यीशु जकाँ कष्ट वा तिरस्कार सहऽ पड़ि सकैत अछि ।
यूहन्ना 15:18-19, 2तिमुथियुस 3:12, रोमी 8:23-25, याकूब 1:2-4, 1पत्रुस 4:12-13

प्र.98. परमेश्वर अहाँ केँ परेशानीक समय मे कोना मदद करैत छथि ?
उ. ओ हमरा सभ केँ शान्ति देबऽवाला आत्मा दैत छथि । ओ हमरा सभ केँ देखभाल करक लेल कलिसीया* दैत छथि । ओ हमरा सभ केँ सभ तरहक नीक काजक लेल और हुनकर महिमाक लेल अपन प्रतिज्ञा दैत छथि ।
रोमी 5:3-5,8:18, 1थिसलुनिकी 5:11, 1पत्रुस 4:12-19,5:10
प्र.99. सार्वभौमिक कलीसिया* की अछि ?
उ. सार्वभौमिक कलीसिया* परमेश्वर द्वारा छोड़ाओल गेल लोक सभ सँ बनैत अछि । कलीसिला परमेश्वर पिताक परिवार अछि । पुत्र मसीहक देह अछि । पवित्र आत्माक रहक स्थान अछि ।
1कोरिंथी 12:27, इफिसी 3:14-15,5:23, कुलुस्सी 1:24, इब्रानी 2:11
प्र.100. स्थानीय कलीसिया की अछि ?
उ. स्थानीय कलीसिया* यीशु मसीह पर विश्वास करऽवाला आ हुनकर सभ तरहक शिक्षा केँ पालन करयवालाक एक समूह अछि । ओ सभ मिलीकऽ परमेश्वरक आराधना करैत अछि । ओ सभ मिलीकऽ परमेश्वरक वचन केँ सुनैत अछि आ सिखबैत अछि । ओ एक दोसर केँ देखभाल आ चिंता करैत अछि । ओ सभ मिलीकऽ प्रार्थना करैत अछि आ परमेश्वरक राज्य* केँ बढबैक लेल सभ मिलीकऽ काज करैत अछि । ओ विश्वासी सभ केँ बपतिस्मा दैत अछि और प्रभु भोज* सभ मिलीकऽ खाईत अछि ।
मत्ती 28:19-20,मसीह-दूत 2:41-42,8:36-39,14:23, रोमी 6:1-5, 1कोरिंथी 11:23-26,तीतुस 1:5
प्र.101. की अहाँ केँ स्थानीय कलीसियाक भाग होएबाक चाही ?
उ. हँ, स्थानीय कलीसिया एकटा समुदाय अछि जे हमरा सभ केँ बढऽ मे आ विश्वास मे मजगूत रहय मे मदति करैत अछि । एहि ठाम हम यीशुक नव आज्ञाक पालन कयनाइ सिखैत छी ।
इब्रानी 10:24-25
प्र.102. यीशु कलीसिया केँ कोन नव आज्ञा देलनि ?
उ. प्रभु यीशु कहलनि,एक दोसर सँ प्रेम करू । जेना हम अहाँ सभ सँ प्रेम कयने छी तहिना अहुँ सभ एक-दोसर सँ प्रेम करू ।
यूहन्ना 13:34
प्र.103. ई प्रेम हम सभ एक-दोसर केँ कोना देखा सकैत छी ?
उ. जखन हम सभ दोसर लोक सभ पर कृपा करैत छी, एक-दोसराक लेल प्रार्थना करैत छी,एक-दोसर केँ माफ करैत छी, । जखन हम सभ एक-दोसर केँ आदर करैत छी,एक-दोसर केँ मदति करैत छी और एक-दोसर केँ उत्साहित करैत छी तखन हम सभ अपन प्रेम केँ प्रगट करैत छी । जखन हम सभ एक-दोसर सँ सच बाजैत छी और अपना सँ पहिने दोसर केँ जरुरत केँ रखैत छी तखन हम सभ अपन प्रेम केँ प्रगट करैत छी ।
रोमी 12:10, इफिसी 4:32, कुलुस्सी 3:9,13, 1थिसलुनिकी 4:18, याकूब 5:16
प्र.104. बपतिस्मा* की अछि ?
उ. बपतिस्मा मे कलीसियाक अगुवा एक व्यक्ति केँ किछु कालक लेल पानि मे डूबबैत अछि । तकराबाक ओहि व्यक्ति केँ पानि सँ बाहर लाओल जाइत अछि । ओ एहि काज केँ पिता, पुत्र आ पवित्र आत्माक नाम सँ करैत अछि ।

मत्ती 3:6,16, मरकुस 1:5, मसीह-दूत 8:12
प्र.105. बपतिस्मा के लऽ सकैत अछि ?
उ. बपतिस्मा ओहि सभ व्यक्तिक लेल अछि जे अपन सभ तरहक पाप सँ प्रायश्चित केने होए । ई ओकरा लेल अछि जे उधारक लेल मसीह मे विश्वास करैत अछि ।
मसीह-दूत 2:38-39,8:36-37,16:30-33
प्र.106. बपतिस्माक मतलब की अछि ?
उ. बपतिस्मा विश्वासी सभक मसीहक संग मिलल रहबाक एक चिन्ह अछि जखन ओ मारल गेलाह,गाड़ल गेलाह आ तेसर दिन मरल मे सँ जीबि उठलाह,ई बतबैत अछि कि हम सभ कलीसियाक एक भाग छी ।
मसीह-दूत 16:30-33,रोमी 6:3-5,कुलुस्सी 2:12
प्र.107. मसीही लोक सभ एक दोसर केँ अपना लेल यीशुक मृत्यु केँ कोना याद दिअबैत अछि ?
उ. हम सभ एक संग प्रभु-भोज* मे हिस्सा लैत छी ।
मरकुस 14:22-24, 1कोरिंथी 11:23-29
प्र.108. प्रभु-भोज* की अछि ?
उ. हम सभ प्रभु-भोज मे रोटी खाईत छी आ कटोरा मे सँ पियैत छी । हम सभ ई यीशु मसीहक मृत्यु केँ याद करक लेल करैत छी ।
मरकुस 14:22-24, 1कोरिंथी 11:23-29
प्र.109. रोटीक मतलब की अछि ?
उ. टूटल रोटी मसीहक टूटल देहक बारे मे बताबैत अछि । ओ हमरा सभक सभ तरहक पापक लेल एक बेर मरि गेलाह ।
मत्ती 26:26, 1कोरिंथी 11:24
प्र.110. कटोराक मतलब की अछि ?
उ. कटोरा मसीहक लहूक बारे मे बताबैत अछि । ओ हमरा सभक उद्धारक लेल एक बेर खून बहा देलनि ।
मत्ती 26:27-28, 1कोरिंथी 11:25, इब्रानी 9:26-28

प्र.111. प्रभु-भोज के खा सकैत अछि ?
उ प्रभु-भोज ओहि सभ व्यक्तिक लेल अछि जे अपन सभ तरहक पाप सँ प्रायश्चित कयने होए । ई ओकरा सभक लेल अछि जे उद्धारक लेल मसीह मे विश्वास करैत अछि ।
1कोरिंथी 10:16-17, 11:18-19
प्र.112. कलीसिया केँ बपतिस्मा* आ प्रभु-भोज के देलनि ?
उ. प्रभु* यीशु मसीह ।
मत्ती 26:26-29,28:18-20
प्र.113. यीशु मसीह कलीसिया* केँ बपतिस्मा* आ प्रभु-भोज* किएक देलनि ?
उ. यीशु मसीह ई देखबैक लेल देलनि जे हुनकर लोक हुनकरे छैन्ह । ई हमरा सभ केँ ओहि सभ काज केँ याद दियबैत अछि जे यीशु हमरा सभक लेल कयलनि ।
मत्ती 28:19, रोमी 6:1-5, 1कोरिंथी 11:23-26
प्र.114. कलीसियाक लेल मसीहक अंतिम आज्ञा की छल ?
उ. "स्वर्ग आ पृथ्वीक सम्पूर्ण अधिकार हमरा देल गेल अछि । एहि लेल अहाँ सभ आब जा कऽ सभ जातिक लोक केँ हमर शिष्य बनाउ और ओकरा सभ केँ पिता,पुत्र आ पवित्र आत्माक नाम सँ बपतिस्मा दिऔक । हम

जतेक आदेश अहाँ सभ कैँ देने छी तकर सभक पालन करबाक लेल ओकरा सभ कैँ लिखाउ । मोन राखू, संसारक अंत तक हम सदिखन अहाँ सभक संग छि ।"

मत्ती 28:18-20

प्र.115. प्रभुक दिन कोन अछि ?

उ. सप्ताहक पहिल दिन प्रभुक दिन अछि । शुरुआत मे मसीही लोक सभ आराधना करक लेल एहि दिन जमा होएत छल ।

मसीह-दूत 20:7, 1कोरिंथी 16:2, प्रकाशित-वाक्य 1:10

प्र.116. ई प्रभुक* दिन किएक कहल जाइत अछि ?

उ. किएकतऽ एही दिन मसीह मृत मे सँ जीबि उठलाह ।

मत्ती 28:1-6, लूका 24:1-6,यूहन्ना 20:1

प्र.117. प्रभुक* दिन कैँ हम सभ कोना कऽ नीक जकाँ व्यतीत कऽ सकैत छी ?

उ. प्रभुक* दिन सबसँ नीक जकाँ व्यतीत तखन होयत अछि जखन हम सभ परमेश्वरक लोक सभक संग हुनकर आराधना करक लेल जमा होयत छी और एक-दोसर कैँ विश्वास मे उत्साहित करैत छी ।

भजन संग्रह 27:4,रोमी 12:9-13, कुलुस्सी 3:16

# पाँचम भाग
# प्रार्थना आ आशा

प्र.118. प्रार्थना की अछि ?

उ. जखन हम सभ परमेश्वर सँ बात करैत छी, ओ प्रार्थना अछि । हम सभ हुनका हुनकर भलाईक लेल धन्यवाद दैत छी । हम सभ अपन सभ तरहक पापक लेल क्षमा माँगैत छी । हम सभ ओहि चीजक माँग करैत छी जे हुनका नीक लगैत छैन्ह ।

मत्ती 6:6, फिलिप्पी 4:6, 1यूहन्ना 5:14

प्र.119. हमरा सभ कैँ किनकर नाम सँ प्रार्थना करक चाही ?

उ. हमरा सभ कैँ यीशु मसीहक नाम सँ प्रार्थना करक चाही ।

यूहन्ना 14:13-14,16:23

प्र.120. हमरा सभ कैँ प्रार्थना कखन आ कतऽ करक चाही ?

उ. हम सभ परमेश्वर सँ प्रार्थना कखनो आ कतौ कऽ सकैत छी ।

मत्ति 6:6, इफिसी 6:18, मसीह-दूत 21:5, कुलुस्सी 4:2

प्र.121. प्रभु यीशु हमरा सभ कैँ प्रार्थना सिखबैक लेल की देलनि ?

उ. यीशु हमरा सभ कैँ प्रभुक प्रार्थना देलनि ।

मत्ती 6:9-15, लूका 11:2-4

प्र.122. प्रभुक प्रार्थना की अछि ?

उ. "हे हमर सभक पिता,अहाँ जे स्वर्ग मे विराजमान छी,अहाँक नाम पवित्र मानल जाय,अहाँक राज्य आबय, अहाँक इच्छा जहिना स्वर्ग मे पूरा होइत अछि,तहिना पृथ्वी पर सेहो पूरा होअय । हमरा सभ कैँ आइ भोजन दिअ,जे दिन प्रति दिन हमरा सभक लेल आवश्यक अछि । हमर सभक अपराध क्षमा करू, जहिना हमहूँ सभ अपन अपराधी सभ कैँ क्षमा कयने छिऐक । हमरा सभ कैँ पाप मे फँसाबऽ वला बात सँ दूर राखू,और दुष्ट सँ हमरा सभक रक्षा करू । किएक तँ राज्य,शक्ति आ महिमा युगानुयुग अहींक अछि, आमीन ।

मत्ती 6:9-13
प्र.123. प्रभुक प्रार्थना मे कतेक विनती अछि ?
उ. प्रभुक प्रार्थना मे छ: विनती अछि ।
प्र.124. पहिल विनती की अछि ?
उ. अहाँक नाम पवित्र मानल जाय ।
मत्ती 6:9, लूका 11:2

प्र.125. पहिल विनती मे हम की प्रार्थना करैत छी ?
उ. हम सभ प्रार्थना करैत छी जे,सभ लोक परमेश्वरक नाम कैँ स्तूति करय ।
भजन संग्रह 8:1-2,72:18-19,113:1-3
प्र.126. दोसर विनती की अछि ?
उ. अहाँक राज्य आबय ।
मत्ती 6:10, लूका 11:2
प्र.127. दोसर विनती मे हम की प्रार्थना करैत छी ?
उ. हम सभ प्रार्थना करैत छी जे, संसारक लोक सभ सुसमाचार सुनत और विश्वास करत । हम सभ प्रार्थना करैत छी जे, ओ सभ यीशु कैँ प्रभु मानत ।
युहन्ना 17:20-21, मसीह-दूत 8:12,28:30-31, प्रकाशित-वाक्य 11:15
प्र.128. तेसर विनती की अछि ?
उ. अहाँक इच्छा जहिना स्वर्ग मे पूरा होइत अछि,तहिना पृथ्वी पर सेहो पूरा होअय ।
मत्ती 6:10
प्र.129. तेसर विनती मे हम सभ की प्रार्थना करैत छी ?
उ. हम सभ प्रार्थना करैत छी जे, पृथ्वीक लोक सभ ओहिना करय जेना परमेश्वर चाहैत छथि,सभ काज मे जेना स्वर्गदूत स्वर्ग मे करैत अछि ।
भजन संग्रह 103:19-20,143:10
प्र.130. चारिम विनती की अछि ?
उ. हमरा सभ कैँ आइ भोजन दिअ ।
मत्ती 6:11, लूका 11:3
प्र.131. चारिम विनती मे हम सभ की प्रार्थना करैत छी ?
उ. हम सभ प्रार्थना करैत छी जे, परमेश्वर हमरा सभ कैँ ओ सभ चीज दथि जे हमरा सभक लेल आवश्यक अछि ।
भजन संग्रह 145:15-16, नीतिवचन 30:8-9, मत्ती 6:31-33
प्र.132. पाँचम विनती की अछि ?
उ. हमर सभक अपराध क्षमा करू,जहिना हमहूँ सभ अपन अपराधी सभ कैँ क्षमा कयने छिऐक ।
मत्ती 6:12, लूका 11:4
प्र.133. पाँचम विनती मे हम की प्रार्थना करैत छी ?
उ. हम सभ प्रार्थना करैत छी जे, परमेश्वर हमरा सभ कैँ सभ तरहक पाप कैँ क्षमा करथि । और हम सभ प्रार्थना करैत छी जे, परमेश्वर हमरा सभ कैँ दोसर लोक सभ कैँ क्षमा करऽ मे मदति करथि जे सभ हमरा सभ कैँ दुख देने अछि ।
भजन संग्रह 51:2-3, मत्ती 5:23-24, इफिसी 4:32
प्र.134. छठम विनती की अछि ?

उ. हमरा सभ कैँ पाप मे फँसाबऽ वला बात सँ दूर राखू और दुष्ट सँ हमरा सभक रक्षा करू ।
मत्ती 6:13, लूका 11:4
प्र.135. छठम विनती मे हम सभ की प्रार्थना करैत छी ?
उ. हम सभ प्रार्थना करैत छी जे परमेश्वर हमरा सभ कैँ पाप सँ दूर रखथि और बुराई सँ बचबथि ।
भजन संग्रह 119:11 1कोरिंथी 10:13, 2तीमुथियुस 4:18
प्र.136. प्रार्थना हमरा सभ कैँ की सिखबैत अछि ?
उ. प्रार्थना हमरा सभ कैँ सिखबैत अछि जे, हमरा सभ कैँ परमेश्वर पर हुनकर मदतिक लेल पूरा भरोसा रखक चाही ।
इफिसी 6:18, फिलिप्पी 4:6, इब्रानी 4:16
प्र.137. मसीह एखन कतऽ छथि ?
उ. मसीह एखन पिता परमेश्वरक दहिना कात स्वर्ग मे छथि ।
मरकुस 16:19, मसीह-दूत 5:31, रोमी 8:34
प्र.138. की मसीह दुनिआ मे फेर औताह ?
उ. ओ अंतिम मे दुनिआक सभ लोकक न्याय करक लेल औताह । और ओकरा सभ कैँ बचौताह जे सभ उत्सूकता सँ हुनकर बाट ताकि रहल अछि ।
मत्ती 25:31-32, 2थिसलुनिकी 1;7-9, 2तिमुथियुस 4:1, इब्रानी 9:28
प्र.139. धर्मि सभ कैँ की होयत अछि ?
उ. धर्मि सभक शरीर माटि मे चलि जाइत अछि । ओकर आत्मा प्रभु लग रहक लेल चलि जाइत अछि ।
उत्पति 3:19, सभोपदेशक 12:7, 2कोरिंथी 5:8
प्र.140. दुष्ट लोक सभ कैँ मृत्यु मे की होएत अछि ?
उ. दुष्टक शरीर माटि मे मिल जाइत अछि,ओकर आत्मा दण्ड भोगत । परमेश्वर ओकरा सभ कैँ ओहि दिनक लेल रखैत छथि जाहि दिन ओ न्याय करक लेल औताह ।
लूका 16:23-24, यूहन्ना 5:28-29, 2पत्रुस 2:9
प्र.141. की मरल शरीर फेर सँ जी उठत ?
उ. हँ, सभ मृत शरीर जी उठत,जखन मसीह फेर सँ औताह ।
दानिय्येल 12:2,यूहन्ना 5:28-29, मसीह-दूत 24:14-15

प्र.142. मसीह जखन न्यायक दिन औताह तखन दुष्ट लोक सभ कैँ की होयत ?
उ. परमेश्वर ओकरा अभ कैँ नरक मे नहि खतम होमऽ वाला विनाश सँ दण्ड देताह । ओ अनंतकालक लेल परमेश्वरक उपस्थिति सँ बाहर फेकल जायत ।
मत्ती 25:41,46, मरकुस 9:47-48, लूका 12:5,16:23-26, 2थिसलुनिकी 1:9,
प्रकाशित-वाक्य 20:12-15
प्र.143. धर्मि लोक सभक संग की होएत ?
उ. धर्मि लोक सभ परमेश्वरक संग आनन्दित रहत । ओ सभ नव स्वर्ग* आ नव पृथ्वी मे अनंतकालक लेल जीवित रहत ।
यशायाह 66:22-23, 2पत्रुस 3:1, प्रकाशित-वाक्य 21:2-4
प्र.144. नव स्वर्ग* आ नव पृथ्वी केहेन होएत ?

उ. नव स्वर्ग आ नव पृथ्वी मे हम सभ परमेश्वरक संग रहब । हम सभ कहिओ पाप नहि करब । हम सभ कहिओ नहि मरब, कोनो तरहक श्राप नहि होएत ।कोनो तरहक दूख और पीड़ा नहि होएत। हम सभ कखनू दोषी,डरल वा लज्जित नहि होएब । हम सभ परमेश्वर सँ आएल आनंद कैँ जानब ।

इब्रानी 12:22-23, यहुदा 24, प्रकाशित-वाक्य 21:1-5,22:1-4 ।

## शब्द परिचय

| **शब्द** | **स्पष्टीकरण (ओकर अर्थ)** |
|---|---|
| लेपालक | लेपालकपन एक कानूनक काज अछि जाहि मे एक व्यक्ति कैँ एक परिवार मे शामिल कायल जाइत अछि । ओ बच्चा कैँ अपन बच्चा जकाँ पालन-पोषण करैत अछि । हम सभ पहिने अजनबी छलहुँ आ परमेश्वरक दुश्मन छलहुँ। मुदा आब परमेश्वर हमरा सभ कैँ अपन प्रिय बच्चाक रुप मे बजौने छथि । |
| व्यभिचार | जे व्यक्ति अनैतिक यौन अंबंध रखैत अछि ओकरा व्यभिचार कहल जाइत अछि । |
| स्वर्गदूत | परमेश्वरक दिश सँ हुनकर संदेशवाहक अछि ।स्वर्गदूत परमेश्वर कैँ नीक-नीक बात कहैत अछि । स्वर्गदूत ओ करैत अछि जे परमेश्वर चाहैत छथि। स्वर्गदूत ओकर भला करैत अछि जे परमेश्वरक परिवार मे अछि ।खराप दूत शैतानक लेल काज करैत अछि । |
| बपतिस्मा / बपतिस्मा देनाय | कलीसियाक अगुआ एक व्यक्ति कैँ किछु कालक लेल पानि मे डूबबैत अछि । तकराबाक ओहि व्यक्ति कैँ पानि सँ बाहर लाओल जाएत अछि । एहि तरहे हम सभ ई देखबैत छी जे मसीह हामरा सभ कैँ माफ कयलनि। हम सभ ईहो देखबैत छी जे हम सभ कलीसियाक एक भाग छी । जखन हम सभ बपतिसमा लैत छी तऽ ई हमरा सभ कैँ ईहो याद दियबैत अछि |

| | |
|---|---|
| | जे यीशु मारल गेलाह,लोक सभ हुनका कबर मे राखि देलकैन्ह मुदा ओ मरल मे सँ जी उठलाह । |
| विश्वासी | जे मसीह केँ जनैत अछि आ हुनका पर भरोसा करैत अछि । |
| आशिष | सभ तरहक आशिष ओ नीक चीज अछि जे परमेश्वर हमरा सभक लेल करैत छथि । |
| गर्भ-धारण | एकटा बच्चा केँ होबऽक समय जखन एक महिला पेट मे एकटा नव जीवन शुरु होयत अछि । |
| संतुष्ट | संतुष्टक मतलब अछि, जे हमरा लग जे किछु अछि ओही मे खुश रहनाय। ई बुइझ लेनाय जे हमरा लग जे किछु अछि वो प्रसस्त अछि । |
| कलीसिया | स्थानीय कलीसिया* यीशु मसीह पर विश्वास करऽवाला आ हुनकर सभ तरहक शिक्षा केँ पालन करयवालाक एक समूह अछि । ओ सभ मिलीकऽ परमेश्वरक आराधना करैत अछि ।<br>ओ विश्वासी सभ केँ बपतिस्मा दैत अछि और प्रभु भोज सभ मिलीकऽ खाईत अछि । |
| क्रूस | एकटा क्रूस लकड़ीक दू टुकड़ा के जोड़ला सँ बनैत अछि । यीशुक समय मे लोक अपराधी सभ केँ मारैक लेल क्रूस पर लटकबैत छल । यीशु क्रूस पर मारल गेलाह । |
| श्राप | एकटा शक्तिशाली शब्द जे ककरो नुकसान वा सजा लाबि सकैत अछि । |
| इब्लीस | इब्लीस शैतानक दोसर नाम अछि । शैतान खराप दूत सभ मे सँ सभ सँ दुष्ट अछि । |
| शिष्य | एक शिष्य ओ होयत अछि जे कोनो दोसर व्यक्तिक अनुसरण करैत अछि आ हुनका सँ सिखैत अछि । एक व्यक्ति जे प्रभु यीशु पर विश्वास करैत अछि आ हुनकर अनुसरण करैत अछि । |
| सनातन | जे सदिखन सँ छथि । जिनकर नहि तँ शुरुआत होयत अछि आ नहि अंत। |
| विश्वास/ श्रद्धा | विश्वासक मतलब अछि किनको पर वा किनको मे श्रद्धा रखनाय । परमेश्वर मे भरोसा आ विश्वास रखनाय । ई माननाय कि वास्तव मे परमेश्वर छथि, जखन कि हम हुनका नहि देखैत छी । |
| क्षमा कयनाय | क्षामाक मतलब प्रेम देखौनाय अछि आ ककरो बारे मे अधलाह बात मोन मे नहि रखनाय। जखन परमेश्वर हमरा सभ के माफ करैत छथि तऽ अधलाह बात ओ अपना लग नहि रखैत छथि । |
| महिमा | परमेश्वरक महिमा ओ सभ किछु आछि, जे परमेश्वर केँ सुंदर आ महान बनबैत अछि एकटा महान राजा जकाँ । |
| अनुग्रह | अनुग्रह परमेश्वरक उपहार अछि जे हमरा सभ केँ नहि भेटक चाही,किएक तँ हम सभ अधलाहे कयने छी । अनुग्रह परमेश्वर दैत छथि किएक तऽ ओ हमरा सभक लेल बढ़ दयावान छथि । क्षमा आ मदति परमेश्वर दिस सँ अछि । |
| दिल / हृदय | दिल/हृदय एक व्यक्ति केँ शरीरक सबसँ महत्वपूर्ण भाग अछि । शरीरक |

एकटा एहेन भाग जाहि सँ सोइच सकैत अछि,अनुभव कऽ सकैत अछि, आ कोनो तरहक निर्णय लऽ सकैत अछि ।

| | |
|---|---|
| स्वर्ग | स्वर्ग ओ स्थान अछि जतऽ परमेश्वर आ मसीह छथि । परमेश्वर ओतऽ रहैत छथि आ राज्य करैत छथि । स्वर्ग ओ स्थान अछि जतऽ परमेश्वर आ मसीह के जानऽ वला लोक सभ मरलाक बाद जायत । ओहि ठाम लोक सभ हरदम खुश रहत आ कोनो तरहक परेशानी नहि होएत । नव आकाश आ नव पृथ्वी मे ओहि लोक सभक भविष्यक घर होएत जे परमेश्वर कैँ जनैत अछि । |
| नरक | नरक एकटा स्थान अछि जतऽ परमेश्वर अपना सँ दुष्ट लोक सभ कैँ अलग कयने छथि । नरक मृत्युक बाद दुष्ट लोक सभक लेल सजा वला स्थान अछि । |
| पवित्र | पवित्र भेनाइक मतलब अछि परमेश्वरक लेल अलग भेनाइ । परमेश्वर जकाँ भेनाइ । धर्मि भेनाइ । जखन हम सभ पवित्र छी तऽ हम सभ निष्पाप छी। हम सभ परमेश्वरक समक्ष शुद्ध छी । |
| पवित्र आत्मा | परमेश्वरक आत्मा (आत्मा देखू) जिनका यीशु लोक सभक मदतिक लेल पठौलनि । पवित्र आत्मा परमेश्वरक दोसर नाम अछि । और अहु तरहे कहल जाइत अछि परमेश्वरक आत्मा,मसीहक आत्मा,मदति करऽ वला आत्मा । पवित्र आत्मा एक व्यक्ति छथि,मुदा ओ हमरा सभक जकाँ मनुष्य नहि छथि । ओ एक समान परमेश्वर छथि, पिता आ परमेश्वर-पुत्रक संग (त्रिएक सेहो देखू) । ओ एहि दुनिआ मे लोक सभक बीच परमेश्वरक काज करैथ छथि । पवित्र आत्मा कैँ क्यो देखि नहि सकैत अछि, मुदा ओ हुनका संग आ हुनका मे रहैत छथि जे यीशु कैँ जनैत अछि । |
| आदर | ककरो आदर केनाइक मतलब ओकर भलाइ कयनाइ ।कोनो व्यक्ति सँ भलाईक व्यवहार कयनाइ किएकतऽ अहाँ हुनकर आदर करैत छी आ हुनका महत्व दैत छी । |
| आदरणीय | भला व्यवहार कयनाइ । अपन जीवनक द्वारा परमेश्वर आ सभ मनुष्य कैँ आदर देनाय । एकटा एहेन मनुष्य बननाय जे भला आ उचित बात करैत होय । |
| मूर्ति | मूर्ति काठ, पाथर वा धातु सँ बनैत अछि, जकरा लोक सभ पूजा करैत अछि। मूदा ओकरा सभ कैँ परमेश्वरक आराधना करक चाही । मूर्ति कोनो व्यक्ति वा वस्तुक प्रतिरुप अछि जकरा लोक सभ प्रेम करऽ लगैत अछि परमेश्वरक रूप मे ।मूर्ति एकटा झूठा ईश्वर अछि । |
| इस्राएल | ओ भूमि जतऽ यहूदी सभ रहैत अछि । इस्राएली यहूदी सभक दोसर नाम अछि । ओ सभ अब्राहम, इसहाक और याकूबक संतान अछि । |
| यहूदी | यहूदी ओ लोक सभ अछि, जे आब्राहम,इसहाक,और याकूब और हुनकर संतान सभ सँ जनमल अछि ।एक एहेन व्यक्ति जकरा यहूदी मे विश्वास होय । |

| | |
|---|---|
| राज्य | राज्य ओ अछि जतऽ एकटा राजा शासन करैत अछि । एकटा देश जतऽ एकटा राजा शासन करैत अछि । परमेश्वरक राज्य ओ अछि जतऽ परमेश्वर राज्य करैत अछि । |
| व्यवस्था | नियाम, जे एकटा शासक बनबैत अछि लोक सभक लेल ई बतबैक लेल जे ओ केना कऽ रहय । नियम जे परमेश्वर मूसा कैँ देलनि, इस्राएली लोक सभक लेल । |
| प्रभु | प्रभु, बाइबल मे परमेश्वरक नाम अछि । एकर मतलब अछि जे, ओ सभ चीज सँ उपर छथि आ हुनकर प्रभुता सभ किछु पर छन्हि । एकटा नाम जे हम सभ यीशुक लेल प्रयोग करैत छी, जखन हमसभ हुनकर आज्ञा कैँ पालन करैत छि । |
| प्रवक्ता/भविष्यवक्ता | एकटा प्रवक्ता जे दोसर लोक सभ कैँ ई बतबैक लेल सक्षम छलाह जे परमेश्वर की चहैत छथि ।प्रवक्ता परमेश्वरक लेल बात करैत छलाह । भविष्य मे कि होएत से ओ बतबैत छलाह । |
| सफल भेनाइ | सफल भेनाइ नीक बातक आनंद उठौनाय अछि । सफल भेनाइ सवास्थ्य मे वा धन मे । जखन लोक सभ हमरा लेल नीक बात बजैत अछि तखन हम सफल होएत छी । हम सभ सफल तखन होएत छी जखन हम सभ दोसर लोक सभक दयाक आनंद उठबैत छी । |
| छोड़ौनाइ | किछु खरीदनाइ जे वा तऽ हेराय गेल छल वा क्यो लऽ लेने छल । किछु अपन बनबैक लेल किछु किमत चुकौनाइ । |
| पश्चाताप केनाइ | पश्चाताप केनाइ पाप सँ मन फेरनाइ अछि । ओ केनाइ जे परमेश्वर हमरा सँ कराब चाहैत छथि । ई निश्चय केनाइ जे पहिने कायल गेल खराप बात सभ फेर सँ नहि करब । |
| सम्मान | सम्मानक मतलब अछि किनको अहाँ बहुत बेसी महत्व दैत छी । |
| पुनरुथान | मरलाक बाद जी उठनाइ । |
| धर्मि | धर्मि ओ अछि जे परमेश्वरक संग नीक सँ रहैत होय । जखन परमेश्वर एक व्यक्ति कैँ नीक करैत छथि तऽ ओ ओहि व्यक्ति कैँ शुद्ध देखऽ चाहैत छथि । एक धर्मि व्यक्ति परमेश्वरक मित्र होयत अछि हुनकर दुश्मन नहि । |
| सब्त(विश्राम दिन) | सब्त ओ दिन अछि जखन परमेश्वर अपन सभ तरहक काज सँ विश्राम कयलनि । सब्त ओ दिन अछि जखन परमेश्वर यहूदी सभ कैँ कोनो तरहक काज करक लेल मना कयने छलाह । |
| बचाव/उद्धार | जखन परमेश्वर हमरा सभ कैँ पापक शक्ति आ ओकर परिणाम सँ बचबैत छथि, तखन ओकरा उद्धार कहल जाइत अछि ।सभ तरहक खराप काज सँ बचाव वा छुटकारा । |
| शैतान | शैतान इब्लीसक दोसर नाम अछि । शैतान खराब दूत सभ मे सँ सबसँ दुष्ट अछि । (स्वर्गदूत देखू) |
| उद्धारकर्ता | यीशु मसीह उद्धारकर्ता छथि । एक व्यक्ति जे हमरा सभ कैँ परमेश्वर लग लबैत छथि और हमरा सभक कायल गेल सभ तरहक खराप काजक सजा सँ छोड़बैत छथि । |
| पाप/पापी | पाप परमेश्वरक विरुद्ध वा दोसरो लोक सभक विरुद्ध कयल गेल खराप बात अछि । जखन हम सभ परमेश्वरक देल गेल आज्ञाक पालन नहि करैत छी, हम सभ पाप करैत छी । जखन हम सभ ओ नहि करैत छी जे |

| | |
|---|---|
| | परमेश्वरक इच्छा छन्हि तऽ ओ पाप अछि । सभ क्यो पापी अछि किएकतऽ ओ परमेश्वरक विरुद्ध वा दोसर लोक सभक विरुद्ध काज करैत अछि । सभ क्यो पापी अछि किएकतऽ अधलाह विचारधाराक संग जन्म लेने अछि । |
| प्राण | प्राण हमरा शरिरक ओ भाग अछि जकरा हम सभ देखि नहि सकैत छी,हमरा सभक जीवनक काल मे हमरा सभक भीतर रहैत अछी । |
| आत्मा | आत्मा एक प्राणी अछि जकरा लग शरीर नहि होएत अछि और क्यो देखि नहि सकैत अछि । परमेश्वर आत्मा छथि । |
| त्रिएक | त्रिएक ओ शब्द अछि जखन हम सभ एक परमेश्वर केँ तीन व्यक्तित्व मे बतबैत छी:- परमेश्वर पिता,परमेश्वर पुत्र(यीशु मसीह) और परमेश्वर पवित्र आत्मा । |
| भरोसा | भरोसा रखयक मतलब अछि किनको पाछां चलनाइ जिनका हम सच्चा मनैत छी, विश्वास रखनाय आ विश्वासक संग काज कयनाइ(विश्वास देखू)। |
| कुमारि/कुमार | जे व्यक्ति ककरो संग यौन सम्बंध नहि केने होय ओकरा कुमारि/कुमार कहल जाइत अछि । |
| आराधना | आराधना करक मतलब अछि ई देखौनाय जे परमेश्वर महान छथि और हम सभ हुनका सँ प्रेम करैत छी । आराधना केनाइ मतलब हुनका आदर देनाइ आ हुनका धन्यवाद देनाइ । हम सभ जखन परमेश्वरक संग छी तखन हमरा सभ केँ ई करक चाही । |